



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MACHE AGRIKÒL TASTE NY YO PRAL KÒMANSE
NAN ZÒN SÈVIS THRUWAY ETA NEW YORK YO POU SEZON 2019 LAN
NAN DAT 1 AVRIL**

***Mache Agrikòl yo Ap Bay Vwayajè yo Opòtinite pou Achte Pwodwi Ki Kiltive Sou
Plan Lokal yo Ki Soti nan Fèm New York yo***

***Yo Ankouraje Fèmye ak Pwodiktè New York yo Anrejistre epi Vin Ekspoze
Pwodwi Lokal yo Bay Plizyè Milyon Kliyan Thruway yo***

***Machann Ki Enterese yo Ta Dwe Voye yon Imèl
nan TravelersServices@thruway.ny.gov***

Gouvènè Andrew Cuomo te anonse jodi a ke Mache Agrikòl Taste NY yo (Taste NY Farm Markets) pral kòmanse nan zòn sèvis Thruway Eta New York lan yo pou sezon 2019 lan nan Lendi 1 Avril. Mache Agrikòl Taste NY yo pral pwomouvwa pwodwi alimantè ak bwason klas mondyal ke yo jwenn atravè Eta a. Otorite Thruway ak Depatman Agrikilti ak Mache yo nan Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) ap kontinye ak òf anyèl sa a pou pi bon pwodwi ke yo kiltive sou plan lokal yo ki soti nan fèm New York yo.

“Taste NY se yon motè ekonomik nan chak kwen nan Eta a epi li te elaji endistri agrikòl New York ki ap fleri an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mache agrikòl sa yo nan zòn sèvis Thruway yo pral bay fèmye ak pwodiktè yo yon opòtinite inik pou yo ka ekspoze pwodwi yo bay plizyè milyon touris, sa ki ap sipòte kwasans fèm ak ti biznis yo atravè Empire State.”

“Soti depi nan siwo erab, pou rive nan pwodwi letye, fwi ak legim yo, New York pwodwi yon varyete etonan bon jan kalite pwodwi agrikòl”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Pwogram Taste NY nou an ap ekspoze sa ki pi bon ke nou gen pou ofri, epi nou enpasyan lanse yon lòt sezon pou bay vwayajè yo pwodwi fre ki kiltive sou plan lokal yo nan arè ki sou tout Thruway lan yo.”

Thruway Eta New York lan gen ladan lokal mache agrikòl ekstèn yo nan zòn sèis yo sou tout sistèm 917 kilomèt li an. An 2018, 12 pwodiktè lokal ki soti nan rejyon atravè Eta New York yo te patisipe nan mache yo nan 20 zòn sèvis, rive atenn plizyè milyon vizitè ki t'ap vwayaje sou Thruway lan pandan sezon Prentan, Ete, ak Otòn yo.

Kliyan yo pral gen aksè a fwi, legim, siwo myèl, siwo erab, nwa, bè, fwomaj ke yo te kiltive sou plan lokal yo ak plis lòt ankò selon disponiblite yo. Yo ka vann sèlman pwodwi ki te kiltive oswa pwodwi nan Eta New York. Jou ak orè fonksyonman mache yo depann sou disponiblite pwodwi yo ak kondisyone metewo a. Yo ankouraje otomobilis

yo vizite thruway.ny.gov pou yo ka enfòmè sou lokal, orè, fèm ki ap patisipe yo ak pwodwi ki disponib yo.

Machann New York ki enterese vann pwodwi alimantè yo nan Mache Agrikòl Taste NY yo ta dwe voye yon imèl bay TravelersServices@thruway.ny.gov pou yo ka jwenn plis enfòmasyon sou jan pou yo patisipe sezon sa a.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard Ball, te deklare, “Nou remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Direktè Egzekitif Driscoll poutèt yo ap sipòte Taste NY epi bay fèmye ak pwodiktè nou yo yon platfòm pou yo ka ekspoze pi bon kalite pwodwi yo epi atenn nouvo mache yo. Kòmansman sezon mache agrikòl la se yon rapèl sou tradisyon agrikòl ki rich epi ki la depi lontan ke nou genyen yo, ak enpak ekonomik li genyen yo nan Eta New York”.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan (Thruway Authority) Matthew J. Driscoll te deklare, “Zòn sèvis nou yo ap ofri yon sistèm inik ki ka atenn plizyè milyon moun toupatou nan Eta a, peyi a, ak nan mond lan. Otorite Thruway yo fyè pou yo sipòte inisyativ Taste NY lan nan bay yon inisyativ kote fèmye ak pwodiktè lokal nou yo ka vann pwodwi yo bay popilasyon ki ap vwayaje a”.

Kèk Enfòmasyon sou Taste NY

Inisyativ Taste NY la te gen kwasans fiks ak mansyon espesyal depi lè li te kreye an 2013 pa Gouvènè Cuomo. Pwogram lan te rapòte lavant 1.5 milyon dola an 2014, epi li te triple chif sa yo rive 4.5 milyon dola an 2015, epi 13.1 milyon dola an 2016. An 2017, Taste NY te konstate lavant pwodiktè yo te ogmante rive nan yon nivo rekò 16.1 milyon dola. Taste NY, ki sipèvize pa Depatman Agrikilti ak Mache a, te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo kapab ekspoze pwodwi yo nan divès inisyativ atravè Eta a epi nan gwo aktivite piblik yo, tankou Gwo Fwar Eta New York la (Great New York State Fair) ak Chanpyona Barclays lan (Barclays Tournament) nan Pak Eta Bethpage la. Li te ede tou vizibilite fèm ak konpayi ki ap patisipe nan pwogram lan yo pou yo ka rive atenn plis kliyan, ogmante lavant sou entènèt yo, epi, nan plizyè ka, agrandi kapasite tretman biznis yo. Biznis pwodwi alimantè ak bwason Taste NY yo te sipòte agrikiltè Eta yo tou lè yo te itilize engredyan yo kiltive ak pwodwi nan New York yo nan pwodwi yo.

Jodi a, pwodwi New York yo vann anba imaj mak Taste NY la epi yo disponib nan plis pase 70 lokalite atravè Eta a, ansanm ak Biwo Komès ak Touris Eta New York la (New York State Office of Trade and Tourism) nan San Juan, Puerto Rico.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Taste NY, tanpri vizite sit entènèt www.taste.ny.gov. Konekte ak Taste NY sou [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#) ak [Pinterest](#).

###